

Entegre Ak Lòt Pwogram/Patnè nan Kominote a

Lekòl Primè Pemberton etabli patnè nan kominote a:

Wicomico County Judy Center Partnership
Baxter Enterprises/McDonald's
Walmart
Junior Achievement
Wicomico County Extension Office
Wrap Around Maryland
Food Lion
Deli at Pecan Square
4-H(University of Maryland Extension Office)
Dollar General
Rockawalkin United Methodist Church
Community Christian Church
Cross Pointe Church of the Nazarene
Salisbury University

Kowòdinasyon ak Sipò


Sipèvizè Title I ak Spesyalis pou Angajman Fanmi yo ak yon moun ki gen kòm tit, "Title I Family Involvement Paraprofessional" pral fè efò pou kowòdine pwogram ak mete anplas asistans teknik pou angaje fanmi yo nan aktivite, Pèsonèl lekòl la bay ide, òganize materyèl, pataje resous yo, epi rankontre regilyèman ak PAC la pandan ane a.

Asire Ke Ou Ka Jwenn San Difikilte

Plan Amelyorasyon Lekòl Primè Pemberton toujou disponib pou paran yo gade l. Plan sa a enkli dis (10) pati pwogram Title I nan lekòl la ak bi enstriksyonèl, prezans, ak pwogram nan lekòl la. Ou kapab gade plan sa nan www.wcboe.org. Si yon paran genyen keksyon oubyen komantè, li kapab prezante yo devan direktè yo oubyen direktè Ekip Amelyorasyon Lekòl la. Ou kapab jwenn Plan Title I an Angle, Panyòl, Kreyòl, ak Korean. Si gen bezwen, ap genyen entèpret ak transpò. Nou tradui envitasyon ak bwòchi yo.

Fè Pwovizyon Asistans Ak Ansèyman

Paran elèv Title I yo pral jwenn enfòmasyon konsènan Pwogram Title I ak kondisyon Angajman Paran nan ESSA. Paran yo va resevwa enfòmasyon konsènan: kourikoulòm ki anseye, nivo elèv yo dwe konplete, ak eksplikasyon sou enfòmasyon/rezilta sou evalyasyon yo ki te fèt pou endividyèl yo. Y ap pataje enfòmasyon sa nan "Back to School Night", nan Oryantasyon Title I, epi nan Reyinyon Konsèy Paran. Paran yo ap gen opòtinite pou l asiste reyinyon regilyèman konsènan edikasyon timoun yo.



**Byenveni
nan Lekòl Primè
Pemberton**

**“Nou Se... Yon Lekòl,
Yon Kominote!”
Plan Angajman Fanmi
Pou Title I
2018-2019**

**Direktris: Melissa Eiler
Sou Direktris: Carla Hicks
1300 Pemberton Drive
Salisbury, MD 21801
(410) 677-5809
www.wcboe.org
Egzaminen epi revize nan Me 2018**

Depatman Edikasyon rekonèt ke fanmi yo se premye pwofesè timoun yo, epi fanmi yo fonksyone kòm edikatè pandan lavi timoun yo. Apre 30 ane rechèch, li montre ke siksè akademik elèv la epi estim li, yo mache men-an-men ak fason paran yo angaje nan edikasyon pitit li, kòmanse nan pre-skolè rive nan lekòl sekondè. Lekòl Primè Pemberton kwè ke edikasyon timoun yo se yon reskonsabilite ke nou dwe pataje. Angajman lekòl, fanmi, ak kominote a kreye yon sistèm edikasyon ki pi fò epi ki amelyore kalite lavi elèv yo, fanmi yo, ak tout kominote nan Wicomico County. Sistèm lekòl la, ak lekòl endividyèl yo, fè yon angajman pou etabli pwogram ak pratik. Sa kreye yon klima de konfyans ak respè epi ki sipòte angajman paran yo.

Aktivite ak Zouti pou Angajman Paran

Fon nan Pwogram Title I nan Lekòl Pemberton ofri aktivite sa yo:

- 1) De (2) Nwit Lekti ak Matematik Pou Fanmi chak ane
- 2) Yon Sant Enfòmasyon pou Paran
- 3) Yon Seminè Estrateji
- 4) De (2) Reyinyon Konsèy Paran (otòn ak prentan)
- 5) Ansèyman Lidèchip nan Inivèsite Salisbury (SU)
- 6) Aktivite akademik ki ofri a paran yo pandan AEW
- 7) Oryantasyon pou Title I

Ankèt Entere Paran/Volontè & Ankèt Klima Lekòl la

Nan kòmansman lane skolè, nou mande paran yo pou konplete Ankèt Entere Paran. Lè sa, yo kapab endike ki enfòmasyon yo bezwen. Yo kapab fè nou konnen kilè yo disponib pou vini nan lekòl epi ki talan yo kapab pataje ak lekòl la. Nan fen dane, nou mande paran yo pou yo konplete yon anket ki rele « Klima Lekòl » la. Sa asire ke lekòl la toujou prezante yon bèl byenvini ak envitasyon. Nou pran enfòmasyon ke n resevwa nan ankèt sa yo pou n sipòte efò lekòl la pou travay ak paran yo kòm patnè egal.

Reyinyon Konsèy Paran (PAC)

De (2) fwa chak ane, genyen reyinyon pou Konsèy Paran nan Title I (PAC) nan Lekòl Pemberton. Tout paran yo envite nan reyinyon sa yo. Men sijè ki diskite nan reyinyon PAC yo: (Ka gen lòt ankò) Pwogram Title I, opinyon paran yo konsènan itilizasyon fon Angajman Paran yo, devlopman ak revizyon yon plan pou angajman paran nan lekòl la ansanm ak kontra lekòl la, enfòmasyon sou elèv yo, kourikoulòm pou leta Maryland, estanda pou Maryland State Curriculum ak MCCR pou matematik ak lekti, enfòmasyon sou evalyasyon fèt pa leta ak lokalman ak aktivite pou angaje paran. Paran yo gen yon chans pou yo di sa yo panse konsènan devlopman pwofesyonèl pwofesè yo, dapre jan li relate nan konpreyansyon kominote lekòl la ak angajman paran.

Nwit Lekti ak Matematik Pou Fanmi

Pwofesè Lekòl Pemberton fè “Nwit Lekti ak Matematik Pou Fanmi” pou elèv ak paran yo de (2) fwa nan lane – yon fwa nan otòn epi yon lòt fwa nan prentan. Bi Nwit Lekti ak Matematik pou Fanmi se pou ranfòse ide yo ki anseye nan klas yo. Nou akonpli sa ak jwet, teste, ak patisipasyon fanmi. Kèk fwa, fanmi yo pral resevwa yon pake materyèl pou pote lakay pou kontinye ede pitit li aprann ide sa yo. Anplis, ap genyen rafrechisman. Si gen bezwen, nou kapab ede ou ak transpò.

Ansèyman Lidèchip nan Salisbury University

Nan otòn ak prentan, Lekòl Pemberton genyen chans pou patisipe nan Ansèyman Lidèchip nan Salisbury University. Nou chwazi sèz (16) elèv ki demontre kalite lidèchip ak ekselans akademik. Nou ankouraje paran pou yo patisipe tou. Elèv yo patisipe nan aktivite avan epi apre vizite la. Yon manm nan estaf PES pral kontakte chak paran pèsònèlman epi envite l vini nan ansèyman sa. Elèv ak paran yo patisipe nan ansèyman lidèchip epi se ekip football nan Inivèsite Salisbury ki bay sipò. Paran ak elèv yo pral fè yon ti tounen nan tout lakou inivèsite a. Yon manm nan ekip football la pral gide yo. Yon reprezantan ki sòti nan Biwo Enskripsyon nan Salisbury University va pale ak paran ak elèv yo konsènan pwosesis pou enskri nan inivèsite a. Apre ti tounen an, tout moun ki te patisipe pral manje nan Klif Varsity nan SU. Se la, antrenè ekip la pral bay yon bèl diskou pou tout moun. Nan fen jounen an, si yon moun vle, li kapab mande manm ekip football la pou siye yon papyè oubyen yon bagay ki pou kenbe l kòm souvni. Konsa, elèv la ka sonje jounen an. Tout moun toujou sonje eksperyans sa a epi gade l kòm yon bèl rekonpans.